

# COVID-19 ENFÒMASYON SOU TÈS PASYAN YO

Avril 2020

Pifò moun ki gen enfeksyon COVID-19 la gen yon maladi kout avèk lafyè, tous ak mal gòj. Gen kèk ki pèdi sans yo nan sant ak/oswa gou epi kèk gen pwoblèm pou yo respire. Enfeksyon an ka pase bay lòt moun pa tous oswa estène epi pa kontak dirèk. Li enpòtan pou w mete yon mask pou kouvri vizaj ou lè w ap kite lakay ou pou ede pwoteje tèt ou epi evite pwopagasyon maladi a. **Tès prelèvman nan nen COVID-19 la detekte viris aktyèl la ki lakòz enfeksyon COVID-19 la.**

## **Kisa sa vle di si m genyen rezilta yon tès ki pozitif?**

Si w genyen yon rezilta pozitif sou tès prelèvman nan nen an, sa vle di ou te enfekte avèk viris COVID-19 la.

## **Kisa sa vle di si m genyen rezilta yon tès ki negatif?**

Si w gen yon rezilta negatif sou tès prelèvman nan nen an, sa vle di ke swa ou pa te enfekte avèk viris COVID-19 la oswa ou te enfekte avèk viris COVID-19 la men tès la pa t an mezi detekte viris la. Nou toujou ap aprann sou viris COVID-19 la ak sou tès sa a.

## **Kisa m dwe fè si m genyen rezilta yon tès ki pozitif?**

Ou dwe rete lakay ou pou omwen sèt (7) jou avèk twa dènye jou yo san lafyè (pandan w pap pran medikaman pou diminye lafyè tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn) epi avèk sentòm ou yo k ap amelyore. Si sentòm ou yo vin pi mal osinon ou devlope difikilte pou w respire, rele 911. Ou pa bezwen repete tès la yon fwa sentòm ou yo amelyore oswa rezoud kòm tès la ka rete pozitif pase nan pwen ke w toujou enfekte.

Si yon moun lakay ou te an kontak dirèk avèk ou, yo dwe kontwole tanperati yo epi chèche sentòm tankou lafyè, tous oswa mal gòj pou 14 jou. Yo dwe evite espas piblik ak transpò yo epi yo pa dwe antre an kontak ak moun ki granmoun yo, ki gen kondisyon medikal kwonik oswa ki iminodeprime.

## **Kisa m dwe fè si m genyen rezilta yon tès ki negatif?**

Si w pa gen okenn sentòm, pa gen rezon pou izolman nan kay. Kontinye pratike prekosyon regilye yo tankou lave men w regilyèman ak mete yon mask pou kouvri vizaj ou lè w sot deyò.

Si w gen sentòm, menm avèk yon tès ki negatif, ou dwe rete lakay ou pou omwen sèt (7) jou avèk twa dènye jou yo san lafyè (pandan w pap pran medikaman pou diminye lafyè tankou asetaminofèn oswa ibipwofèn) epi avèk sentòm ou yo k ap amelyore. Si sentòm ou yo vin pi mal osinon ou devlope difikilte pou w respire, rele 911. Si yon moun lakay ou te gen kontak dirèk avèk ou, yo dwe kontwole tanperati yo epi chèche sentòm tankou lafyè, tous oswa mal gòj pou 14 jou. Yo dwe evite espas piblik ak transpò yo epi yo pa dwe antre an kontak ak moun ki granmoun yo, ki gen kondisyon medikal kwonik oswa ki iminodeprime.

Si w gen kesyon adisyonèl, kontakte doktè regilye w la. Si w pa gen yon doktè regilye, ou kapab rele Sant Kontak NYC Health + Hospitals la nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692).

## **Rete Byen. Rete an Sekirite.**

Biwo Swen Anbilatwa NYC Health + Hospitals